



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 21 novanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK PRAL KONSTWI KONPLÈKS FABRIKASYON WOT  
TEKNOLOJI NAN BUFFALO**

***Investisman \$225 milyon Eta a mize sou \$1,5 milya nan investiman prive***

***Sèl pi gwo investisman Buffalo Billion Gouvènè a epi youn nan pi gwo investisman Eta a ki janm fèt  
nan Buffalo pou kreye 850 dyòb pèmanan ak omwen 500 dyòb konstriksyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nan kad inisyativ Buffalo Billion li a, Eta New York pral konstwi yon enstalasyon modèn pou aktivite komèsyal wot tèk ak enèji vèt nan RiverBend nan Vil Buffalo. De konpayi nan California alavangad revolisyon enèji pwòp la, Soraa ak Silevo, pral investi ansanm \$1,5 milya nan pwojè a epi relokalizasyon anpil pati enpòtan operasyon yo nan Buffalo High-Tech Manufacturing Innovation Hub nan RiverBend nan California, pou kreye 850 dyòb pèmanan ak omwens 500 dyòb konstriksyon epi atire lòt konpayi fabrikasyon nan sit la. RiverBend, ansyen Republic Steel, se yon sit ki mezire 90 ak ki pare pou devlopman.

“Nan kad pi gwo investisman nan inisyativ Buffalo Billion nou an, n ap konstwi yon kanpis modèn pou loje konpayi fabrikasyon modèn wot tèk ki pral kreye plizyè santèn dyòb epi pote yon milya dola nan investisman prive pou moun rejyon Lwès New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Jodi a, de nan konpayi wot teknoloji pi rekoni nan mond lan ap chwazi Buffalo pou yo enstale – yon konfimasyon Buffalo ap bouje. Pwojè sa make yon pa geyan ki fèt annavan nan estrateji Buffalo Billion nou an, pou transfòme yon pwopriyete ki te vid pou l vin yon sit pare pou devlopman ki pral kreye dyòb pèmanan byen peye, fè Buffalo vin yon platfòm entènasyonal pou inovasyon, epi atire plis biznis nan monn lan.”

Doktè Alain E. Kaloyeros, Vis Prezidan senyò ak Direktè Egzekif SUNY College of Nanoscale Science and Engineering te di konsa, “Ak anons sa, Gouvènè Andrew Cuomo te montre yon lòt fwa ankò Eta New York tabli estanda ideyal pou modèl devlopman ekonomik ki chita sou inovasyon 21yèm syèk. Lansman Buffalo High-Tech Manufacturing Innovation Hub nan RiverBend, alimante ak atraksyon Silevo ak Soraa ak pwomès antrepriz patnè adisyonèl alavani, kontinye konstwi Canal Erie wot tèk Gouvènè a epi pozisyon rejyon Lwès New York kòm yon koneksyon pou rechèch ak fabrikasyon modèn pou teknoloji enèji pwòp.”

Haitian Creole

Soraa se yon fabrikan nan California kap fabrike ekleraj LED ki gen pi gwo efikasite sou mache a.. Konpayi an pral relocalize operayon fabrikasyon ak antrepriz R&D li yo nan RiverBend, ak yon investisman \$750 milyon ak kreyasyon 375 dyòb. Silevo se yon konpayi nan California kap devlope epi fabrike selil ak modil solè ak silikòn, ak yon izin fabrikasyon ki tabli nan peyi Lachin. Faz 1 pwojè Silevo a, ak yon investisman \$750 milyon pral kreye omwen 475 dyòb, enplike yon sèl enstalasyon pwodiksyon 200 megawatt enèji solè ki tabli operasyon fabrikasyon North American li yo nan RiverBend.

Eta New York pral envesti \$225 milyon nan kapital Empire State Development (ESD) pou tabli enfrastrikti nan sit la tankou dlo, egou, gaz ak elektrisite ak wout; konstri 275.000 pye kare enstalasyon pou Soraa ak Silevo; epi achte ak posede ekipman. Okenn konpayi pa resevwa finansman dirèk nan investisman \$225 milyon Eta a. Lòt enstalasyon pral konstwi pi devan pou loje nouvo konpayi fabrikasyon kap opere nan domèn byotèk, wot teknoloji ak enèji vèt. Enstalasyon ak ekipman yo pral pwopriyete State University of New York (SUNY) Research Foundation. SUNY Buffalo pral benefisye tou nan patenarya a epi kontribiye nan kwasan fiti pwojè a.

W ap jwenn yon videyo anons jodi a isit [la](#).

Zheng Xu, Direktè Egzekitif ak Fondatè Silevo te di konsa, “Lidèchip eklere ak angajman pwouve Gouvènè Cuomo a enspire nou epi enfrastrikti solid rejyon an ak mendèv ki gen gwo kalifikasyon ki prezan nan rejyon Lwès New York ankouraje nou, kidonk Silevo kontan anpil pou l pote nouvo faz operasyon fabrikasyon gwo volim nan peyi Etazini ak nouvèl adrès nou nan Buffalo. N ap travay sere sere ak SUNY College of Nanoscale Science and Engineering, epi nou espere akselere teknoloji modil solè ak inovatif la ki pral pozisyone Silevo ak New York kòm lidè nan mennen nouvo vag adopsyon enèji solè nan kay ak biznis nan tout peyi a.”

Doktè Tom Caulfield, Prezidan ak COO Soraa te di konsa, “Spesyalite teknolojik GaN on GaN LED Soraa pèmèt nou fè ekleraj odinè vinn vibran, klere ak efikas nan yon fason estraòdinè, nou ka menm di, pafè tou senpleman. Anpil kote konsidere anpoul GaN on GaN LED nou yo kòm meyè nan mond lan —blan parèt pi blan, koulè yo natirèl epi pi satire, epi lonbraj yo pafè ak pwòp. Nou te chwazi Buffalo kòm pi bon kote pou nouvo enstalasyon fabrikasyon an sou baz plizyè faktè, tankou vizyon ak strateji wot teknoloji inovatif Gouvènè Cuomo; kapasite pou atire syantifik ak enjenyè ki pi bon ak pi entelijan nan monn lan; ak kapasite pou mete kontwòl sere sou kalite pwodi a ak pwopriyete entelektyèl otou LED nou yo atravè patenarya nou ak SUNY College of Nanoscale Science and Engineering. Ak nouvo lokal la, kapasite ekleraj LED nou yo pral amelyore epi agrandi, inovasyon pwodi pral akselere, epi kalite ak fonksyonalite limyè pral kontinye amelyore.”

Ko Prezidan New York Regional Economic Development Council ak Prezidan University at Buffalo, Satish K. Tripathi te di konsa, “Li vital pou nou atire nouvo biznis inovatif nan rejyon Lwès New York ak Buffalo High-Tech Manufacturing Innovation Hub nan RiverBend pral fè sa egzatemman ak plis ankò. Dyòb Soraa ak Silevo ap kreye yo, ansanm ak investisman prive yap pote nan rejyon Buffalo Niagara a, pral ale jiska kreye yon rejyon lemonn antye admire epi pral atire lòt biznis ak dyòb dinamik. Mwen di bravo pou Gouvènè a pou anons enteresan sa.”

Haitian Creole

Ko Prezidan Western New York Regional Economic Development Council ak Direktè Partner Larkin Development Group Managing, Howard Zemsky, te di konsa, “Manifakti modèn se yon priyorite Buffalo Billion Investment Development Plan nou an epi anons jodi a rantre nan liy estrateji nou an. Buffalo High-Tech Manufacturing Innovation Hub Gouvènè Cuomo a nan RiverBend pral sèvi kòm yon potò mitan pou kwasans ak envestisman san rete nan pwochen jenerasyon dyòb manifakti nan Buffalo ak rejyon Lwès New York.”

Chèf egzekiti Konte Erie Mark Poloncarz te di konsa, “Jan nou konn sa depi kèk tan, monn lan pran pou li lide Konte Erie ak tout rejyon Lwès New York devan nan gwo devlopman ekonomik pozitif. Ak envestisman \$225 eta a nan RiverBend fè a ki fè li pare pou devlopman ak de konpayi nanotèk manifakti modèn dinamik kap enstale nan Buffalo, nou vreman nan kòmansman yon lòt paj ekonomik. Pase glorie Buffalo te baze sou inovasyon teknolojik li epi ak anons jodi a, ansanm ak pwomès plis konpayi wot teknoloji kap vini, inovasyon yon lòt fwa anko ap mennen renesans tout kominote nou an.”

Majistra Vil Buffalo a, Byron Brown, te di konsa, “Mwen fyè pou plan estrateji administrasyon m lan ap mete anplas la lè nou te achte teren endistriyèl 185 ak la pou devlopman nan lane 2008. Ak plis pase \$2,2 milya nan aktivite ekonomik kap fèt nan Buffalo, dyòb ak envestisman prive kontinye ap pote nouvo posiblite pou rezidan vil yo. Nouvèl jodi a sou Buffalo High Tech Manufacturing Innovation Hub nan RiverBend ajoute sou elan pozitif la. M ap remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Sora ak Silevo pou kreyasyon platfòm teknoloji 22yèm syèk la.”

Dottie Gallagher-Cohen, Prezidan & Direktè Egzekitif Buffalo Niagara Partnership, te di konsa, “Lide manifakti ak atèm sa difisil pou konprann men ou dwe kapab kòmans pa fè refleksyon tou piti pou konprann jan benefis yo pral enòm pou mendèv ak ekonomi nou an. RiverBend pral alimante fiti Buffalo ak konpayi wot teknoloji ak dyòb kap kreye yo. Se vizyon Gouvènè Cuomo pou Buffalo Billion Initiative la kap vin reyelite.”

Prezidan Buffalo Niagara Enterprise, Thomas A. Kucharski, te di konsa, “Anons jodi a se yon kokenn boustè pou tout ekonomi rejyon Lwès New York epi lòt prèv renesans manifakti nan rejyon nou an, sitou manifakti modèn ak pwòp, se yon reyalye Rejyon Buffalo Niagara gen espas, mendèv, atou natirèl, epi anba lidèchip Gouvènè Cuomo, angajman eta pou l atire stil opotinite sa yo pral pote richès ekonomik pandan plizyè dizèn lane kap vini yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418